# CIVIC ACTION TEAMS

**Nepal Coronavirus CivActs Campaign**

अंक #७५
२४ ।७ ।२०७७

**Coronavirus CivActs Campaign (CCC)** सँ सरकार, सञ्चार माध्यम, संघसंस्था आ आम नागरिक बिचक सूचनाके दुरी कम कएक देशभैरसं संकलन कएलगेल हल्ला, नागरिकक जिज्ञासा आ प्रश्नसभ संकलन कए तथ्य पता लगाएक आम नागरिकके सूचित करैत अछि । एहिसं आम नागरिकक आवश्यकताके पहिचान करवाक साथे हल्लासभहक कोनो नकारात्मक असर पहुचावस पहिलेहि सान्दर्भिक तथ्य आम नागरिक सभमे प्रवाह कए जोखिम न्युनिकरण करैत अछि ।

## कोरोना बीमा दावी भुक्तानी प्रकृया

बीमित डिस्चार्ज भेलाके या पिसिआर नतिजा नेगेटिभ एलाके १५ दिन भित्तर निचादेलगेल कागजसभ सहित दावीके लेल बिमक (सम्बन्धित बीमा कम्पनी) लग पेश कर परैछै ।

१. पूर्ण रुपसँ भरल दावी फारम ।
२. कोरोना संक्रमण पुष्टि भेल सम्पूर्ण सक्कल कागजपत्रसभ तथा स्वास्थ्य मन्त्रालयके अभिलेख, होम आईसोलेशनमे रहलसभके हकमे सम्बन्धित स्थानीय तहके सिफारिस ।
३. अस्पताल भर्ना भेल अवस्थामे चिकित्सकके लिखित परामर्श अनुसार कएलगेल दवाई आ ईलाजक सँ सम्बन्धित खर्चके बील भर्पाई ।
४. अस्पताल भर्ना भेल अवस्थामे भर्ना भेल आ डिस्चार्ज भेल कागजातसभ तथा तोकलगेल आईसोलेशन सेन्टरमे आईसोलेशनमे रहल अवस्थामे ओईके लिखित प्रमाण ।
५. बीमा समितिसँ जारी कोरोना बीमा मापदण्ड, २०७७ मे देलगेल आरो विवरण तथा कागजपत्रसभ ।




### दावी नै लागवला अवस्था (अपवाद)

१. बीमालेख शुरु होब सँ पहिले सँ कोरोना भाईरस संक्रमण भेल आ बिमालेख जारी भेलाके तीस दिनके भित्तर संक्रमित भेल अवस्थामे ।
२. नेपाल सरकार आ आरो सँस्थासभ तिरलगेल ईलाज तथा आरो खर्चके दावी भुक्तानी केलापर ।

*बीमा दावी केलाके ७ दिन भित्तर सम्बन्धित बीमा कम्पनीके भुक्तानी कर पड़ै । बीमालेखके अवधी बीमा जारी भेल मिति सँ २०७८ साल आषाढ अन्ततक हैतै ।*

स्रोत: http://nib.gov.np/wp-content/uploads/2020/10/Circular-6-2077.078.pdf

## नेपाल अपडेट




दियाबाती आ छैठ पाबैनके लेल माटी सँ बनल सामान बेचैत जलेश्वरके कुम्हार समूदायके स्त्रीगण

चित्र: राकेश प्रसाद चौधरी

### परिक्षण

पिसिआर परिक्षण: १५,५१,२५४
पोजेटिभ: १,९७,०२४
उपचाररत: ३६,१७४
मृत्यु : ११२६
सन्चो भएका : १,५९,७२४






Source: https://covid19.mohp.gov.np/#/

accountabilitylab NEPAL

# हल्ला र तथ्य



आब सब बेरोजगार नेपालीके सरकार प्रधानमन्त्री रोजगार कार्यक्रम मार्फत रोजगारी दलरहल छै कहैछै त ?

सरकार स्थानीय तहद्वारा सूचिकृत कएलगेल बेरोजगार आदमीके एक सय दिनके रोजगारी देब कहने छै । तै अनुसार स्थानीय स्तरमे सञ्चालन होबवला आयोजना सँ होबवला रोजगारीमे बेरोजगार आदमीके सूचीके पहिल प्राथमिकतामे रहल आदमीके एक सय दिनके रोजगारीके सुनिश्चितता केलाके बाद क्रमश: निचाके प्राथमिकताक्रमके बेरोजगार आदमीके एक सय दिनके रोजगारीमे खटाउब पड्त कहलगेल छै । अईके लेल रोजगार आयोजनाके सूचना पाटीमे, श्रमिकके मजदूरी, रोजगारीमे लागवला आदमीके संख्या लगाएतके विवरण सबके बुझवला भाषामे सार्वजनिक कर पड्त ।


स्रोत: https://cutt.ly/hgLWNjU



होम आईसोलेसनमे रहल बिमारीके सरकार आब नीजि अस्पतालके स्वास्थ्यकर्मी सँ परामर्श लेब कहने छै ?

अखन संक्रमण बढला संगे होम आईसोलेशनमे रहवलाके संख्या सेहो बढिरहल छै । तै सँ बिमारीसभ सेवा लेबसँ बिमुख नै होई तै के लेल कोभिड -१९ सँ संक्रमित भल होम आईसोलेशनमे रहल संक्रमितसभके Tele-Medicine सँ स्वास्थ्य सेवा देबवला नीजि तथा गैरसरकारी संस्थासभके निवेदन देब सरकार आह्वान केने अछि । मुदा अईके अनुगमन तथा निगरानी लेकिन सरकार अपने करत ।

स्रोत: https://dohs.gov.np/wp-content/uploads/2020/11/2077.7.19.pdf



कोभिडके कारण धरासयी भेल व्यवसायके सम्बन्धमे सरकार कोनो मतलब नै केलक से शिकायत छै ।

कोभिड - १९ के कारण प्रभावित उद्योगसभके संरक्षण आ प्रवर्द्धनके लेल नेपाल सरकारद्वारा लेबपरवला जरुरी नीति आ कार्यक्रमके सम्बन्धमे पृष्ठपोषण लेब उद्योग वाणिज्य तथा आपूर्ति मन्त्रालय फरक फरक १० टा प्रश्नावली तैयार कलक सम्बन्धित व्यवसायीके आग्रह केने छै । अईमे व्यवसाय कतेक प्रभावित भेलै ? कतेकोई रोजगारी गुमौलक ? आब सरकारके कि कर पड्त ? लगाएतके प्रश्नावली समावेश कएलगेल छै । ओई प्रश्नावलीके भैरक khemraajkoirala@gmail.com मे पठाब पड्त । विस्तृत विवरण निचाके लिंकमे देलगेल छै ।

स्रोत: http://moics.gov.np/uploads/shares/test/CCF_000072.pdf



सेती प्रादेशिक अस्पतालके कोरोना विशेष अस्पतालके आब एकोटा बेडतक खाली नै छै कहिक सुनैत छी ।

५० बेड क्षमताके अस्थायी कोरोना विशेष अस्पतालम अखन ४९ कोई कोरोना संक्रमित बिमारी अछि । संक्रमितके रफतार दिनानुदिन बढैत जाँरहल समयमे कोरोना अस्पतालके सब बेडसभ भैरगेलाके बाद आब कि करब कहिक अस्पताल प्रशासन आ व्यवस्थापन समिति बीच बातचित भलरहल छै । लेकिन, कोनो ठोस निर्णय नै भलचुकल छै ।

स्रोत: दिलिप कुमार श्रेष्ठ, सूचना अधिकारी, सेति प्रादेशिक अस्पताल

WhatsApp मार्फत हमरासभके विषयमे नियमित ताजा जानकारी पाब

१. आहाके कन्ट्याक्ट लिस्टमे +2760806146 एड करु
२. उपरका कन्ट्याक्ट नम्बरमे Nepal लिखक म्यासेज पठाउ




COVID-19
को बारेमा बुझ्न नि:शुल्क हटलाईन
viamo द्वारा प्रस्तुत


कोभिड - १९ सम्बन्धि मंगानियेमे जानकारी लेबके लेल आहाके NTC सिमकार्ड सँ
३२१०० मे डायल करु

accountabilitylab NEPAL

# Open Migration

## मुख्य गन्तव्य राष्ट्रमा रहेका नेपाली कामदार

| | साउदी अरब | कुवेत | बहराईन | कतार | युएई | ओमान | मलेसिया | दक्षिण कोरिया |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| नेपाली | ३,३४,४५१ | ७१,१९३ | २६,००० | ४,०६,९१७ | २,२४,९०५ | १७,०५७ | ५००,००० | ३८,८६२ |
| संक्रमित | ३,५०,५९२ | १,३१,७४३ | ८३,४५६ | १,३४,२०३ | १,३७,३१० | १,१८,५०३ | ४१,१८१ | २७,५५३ |
| नेपाली संक्रमित | ५,१५० | २,१०० | ४५१ | २६,५०० | ३,३५० | ३०० | ८१ | २७ |
| मृत्यु भएका नेपाली | ८३ | १२ | ३ | १८ | ६९ | १ | | |



- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित नेपाली
- गन्तव्य राष्ट्रमा नेपाली जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा मृत्यु भएका नेपाली

स्रोत: https://coronavirus.jhu.edu/map.html
https://www.covid19.nrna.org.np/
https://publications.iom.int/system/files/pdf/mp_nepal_2019.pdf

**ShramikSanjal**

## यूएईके सामाजिक मिडिया सम्बन्धी कानूनमे कि छै ?



यूएईमे सन् २०१२ मे साईबर कानून आएल छलै त, २०१९ मे सामाजिक मिडिया कानून लागु भेल छलै । अई कानूनके तहत जँ कोई सामाजिक मिडिया (फेसबुक, यूट्युब, ट्विटर, टिक टक) के दूरूपयोग केलक तँ ५ लाख दिरहाम (एक करोड पचास लाख रुपैंया) तक जरीवाना आ जेल सजाय होबके नियम छै ।

### अपनासभके बुझहे परवला बातसभ :

१. कोनोभी व्यक्ति, सँस्था, धर्म, समुदायके सम्बन्धमे नै नीक सन्देश जायवला तरहके कोनो भी संदेश सामाजिक मिडियामे पोष्ट नै करके चाही । जँ कोई तेहन पोष्ट केने छै त, तेहन पोष्टसभके सेयर नै करके चाही ।

२. एहन प्रकारके पोष्टमे टिप्पणी केनाई या आरो पोष्टमे एहन प्रकारके टिप्पणी केलापर सेहो कार्वाहीमे परब ।

३. केकरो फोटो अनुमती बिना पोष्ट कर नै पैबै त, भिडियो या फोटो अनुमति बिना खिचतक नै पेबै ।

४. ककरो पोष्ट कएलगेल बात सेहो कपि पेष्ट करलापर श्रोत नै खुलाएलगेल छै त, शिकायत केलापर कार्वाहीमे पर सकैछी ।

www.facebook.com/shramik.sanjal सँ आँहा प्रत्येक रविदिन, बुधदिन आ शुक्रदिन साँझमे युएई समय (8:00 PM), Qatar, KSA, Kuwait (7:00 PM) Malaysia (12 Midnight) मे हमरासभके प्रत्य  देख सुन सकैत छी ।

accountabilitylab NEPAL

# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

## २०७७ साल श्रावण मसान्त सम्म कोभिड - १९ को सन्दर्भमा भएको जम्मा खर्च

**१३ अर्ब ३७ करोड**

| संघिय सरकार | प्रदेश सरकार | स्थानीय सरकार | प्रधानमन्त्री कोरोना रोकथाम तथा उपचार कोष |
|---|---|---|---|
| ३६% | ११% | ४५% | ८% |

## संघिय सरकारमा भएको खर्च शिर्षक

औषधी तथा स्वास्थ्य उपकरण
रु. १,७५,५२,४०,०००


क्वारेन्टाईन व्यवस्थापन
रु. ४,६९,४६,०००

स्वास्थ्य बीमा
रु. २,९३,८८,९६,०००

अन्य
रु. १,२४,७३,०००

मानव स्रोत साधन परिचालन
रु. ५,७४,४३,०००

## प्रदेश सरकारले गरेको खर्च




accountabilitylab NEPAL

## करार अवधी खतम भेलाके बादो मनिराम स्वदेश आब नै पौलाह



वैदेशिक रोजगारके लेल मलेसिया गेल मनिराम खटिक भिषा खतम भेलाके ३ महिना बितलाके बादो घर फिर्ता आव नै सकल छैथ । २०१७ डिसेम्बर महिनामे गेल मनिरामके कम्पनीके साहु घर फिर्ता आबके लेल जरुरीपरवला कागजात आ पासपोर्ट फिर्ता नै देला सँ फिर्ता आब नै सकल छैथ । नेपालगञ्ज उप-महानगरपालिका वार्ड नं. २२ मे स्थायी रुपसँ बसोबास करैत आएल खटिकके परिवार सेहो बेटा फिर्ता आब नै पेलापर चिन्तित बनल अछि । ऊ कम्पनीमे गाडी चलाबवला काज करैत छथि । कोरोनाके कारण कम्पनीमे कमे मात्रे कामदार छै । तै सँ कम्पनीके मालिक आरो कामदार नै एलातक घर नै जायदेब कहने अछि ।

बैदेशिक रोजगारीमे नियमावली अनुसार करार अवधी खतम भेलाके बाद स्वेच्छामे घर फिर्ता पाओत कहलगेल छै । साधारण लिखपढ करवला ऊ ई सब नियम कानूनके सम्बन्धमे अनभिज्ञ छैथ । अखनके अवस्थामे नेपाल सँ नयाँ कामदार जायके सम्भावना न्यून रहल जानकारी साथीभाईद्वारा कहलापर ऊ आरो चिन्तित छैथ । तीन महिना सँ कम्पनी खाय र रहके मात्रे व्यवस्था मात्रे कम्पनी केने छै, लेकिन न्यूनतम पारिश्रमित समेत नै पौने छैथ ।


हुनका अखनके अवस्थामे घर केना फिर्ता होएब तै सम्बन्धमे कोनो प्रकृया नै बुझल छै । पहिले त कम्पनीए उडानके लेल टिकट व्यवस्थापन कलक नेपाल फिर्ता पठाबैत छलै, लेकिन अखन अवस्था फरक छै । तैपर सँ कम्पनीमे घर फिर्ता जायके लेल बात केलापर कम्पनी धम्की दैत छै । अखन ऊ दैनिक काममे जाल्ईतो नयाँ कामदार कहिया आओत आ घर फिर्ता जाएब कहिक प्रतिक्षारत छैथ । ऊ करार अवधी खतम होईतो स्वेच्छा सँ घर फिर्ता जायपाबवला अधिकार गुमेने एक प्रतिनिधीपात्र मात्रे छैथ।



सही सूचना

# दैनिक मृत्युदर देखला सँ संक्रमण घटिरहल संकेत नै दै छै

## नेपालमे कोभिड - १९ सँ अन्तिम ३० दिनमे दैनिक मृत्यु होबवलाके संख्या




उपरके ग्राफमे नेपालमे कोभिड - १९ सँ अन्तिम ३० दिनमे दैनिक मृत्यु होबवलाके संख्याके देखाएल गेल छै । अन्तिम ३० दिनमे कोभिड - १९ सँ मृत्यु होबवलाके संख्या ८० प्रतिशतसँ बढ्ल छै । संक्रमित मे सँ बड्का संख्या सरकारके नियमित निगरानीमे अखन होम आईसोलेशन मे रहिरहल छै । ई आंकडा सँ आदमीसभके कोभिड-१९ विरुद्ध लड् सरकारके प्रयास सँ चुकिरहल देखल जासकैत छै । जै के कारण सँ अखन मृत्युदर बैढ्रहल देखल जासकैत छै । अखनके अवस्थामे विशेष कलक होम आईसोलेशनमे रहल बिमारीके पहिचान कलक तत्काल व्यवस्थापन आ सहयोग केनाई जरुरी छै । तहिना कलक आर्थिक रुपमे कमजोरके आर्थिक सहयोग केनाई सेहो जरुरी छै ।

स्रोत: HEOC, MoHP, SitRep

**DISCLAIMER**

अई अंकमे समेटलगेल हल्ला, सवाल तथा सूचनासभ, बहुतोरास संस्था तथा व्यक्ति, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेबसाईट, सामाजिक सञ्जाल, ७ टा प्रदेशमे रहल कम्युनिटी फ्रन्टलाईनर्स आ सिभिक एक्सन टिम विगत एक सप्ताहमे बहुतो आदमीसभसंगेके प्रत्यक्ष तथा अप्रत्यक्ष संवादसँ संकलन कएलगेल छै । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दलक हल्ला, सवाल तथा जिज्ञासासभ छनौट कएलगेल छै । अई अंकमे समेटलगेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल मिति तक सत्य छै ।

**Coronavirus CivActs Campaign** is brought to you by
**Accountability Lab Nepal**.

accountabilitylab communities

@CivicActionTeams @civacts @CivActs